

TRIBINAL DISTRI ETAZINI
DISTRI SID NEW YORK

-----X

EDGAR FERNANDEZ, nan non li,
poukont li, ak nan non tout lòt moun ki nan menm sitiyasyon an,

Moun ki pote plent lan,

-kont-

PINNACLE GROUP NY LLC,
ak JOEL WIENER, poukont li,

Nimewo Dokiman: 21-civ. 10702-AT

Akize yo.

-----X

AVI SOU PWOSÈ

Si ou te travay pou PINNACLE GROUP NY LLC ak/oswa JOEL WIENER, (ansanm ki se "Akize yo"),
nan nenpòt moman ant 14 desanm 2018, jiska jodi a, ***tanpri li Avi sa a.***

Enpòtan: Yo PA rele w lajistis. Avi sa a PA yon demann yon avoka voye.

- Moun ki pote plent lan, ki rele Edgar Fernandez, ak moun ki pote plent k ap patisipe yo, Julio Concepcion, Franklin Lara, Igor Wilebaldo Turcios, Juan Mena, Fernando Mercado, Tony Fernandez, Juan Montoya, ak Zumreta Toskic (ansanm antanke "Moun ki pote plent yo"), se anplwaye nan moman an ak ansyen anplwaye akize yo, ki te travay pou akize yo antanke direktè.
- Moun ki pote plent yo ap pou suiv pwosè sa a kont akize yo nan non yo, ansanm ak tout lòt moun ki se anplwaye nan moman an ak ansyen akize yo, ki nan nenpòt lè ant 14 desanm 2018, jiska jodi a, te fè yon travay pou akize yo antanke yon direktè. Moun ki pote plent yo di yo te travay plis pase karant èdtan pa semèn men akize yo pa t peye yo lè siplemantè pou èdtan yo te travay anplis pase karant èdtan pa semèn nan yon pri yon fwa edmi montan salè nòmal, an vyolasyon ak Lwa Federal sou Nòm Travay San Patipri (Fair Labor Standards Act, "FLSA") a. Akize yo nye tout move aksyon epi yo kontinye di yo peye tout anplwaye jan FLSA egzije l.
- Tribunal la poko deside kiyès ki gen rezon oswa ki pa gen rezon. Men, sa ka gen enpak sou dwa legal ou yo, epi ou dwe fè yon chwa kounye a.

DWA LEGAL OU AK OPSYON W NAN PWOSÈ SA A

MANDE POU YO METE W	Si w chwazi pou yo mete w nan aksyon kolektif sa a, ou dwe ranpli fòmilè "Konsantman pou w Patisipe nan Pwosè" a ki nan fen Avi sa a. Lè sa a, ou ka pataje tout pwodui yon règleman oswa yon jijman si moun ki pote revandikasyon
------------------------	--

	yo reyisi epi si ou kalifye daprè lalwa, men ou renonse ak tout dwa pou w pousuiv apa akize yo pou menm revandikasyon legal yo nan kad pwosè sa a.
PA FÈ ANYEN	Si w pa fè anyen, ou p ap nan pwosè sa a, epi peryòd preskripsyon sou revandikasyon FLSA w yo ap kontinye aplike.

1. Poukisa mwen te resevwa avi sa a?

Ou resevwa avi sa a paske dosye akize yo montre ou ka te travay pou akize yo nan yon moman ant 14 desanm 2018 jiska jodi a, antanke direktè.

2. Kisa yon aksyon kolektif ye e ki moun ki enplike?

Nan kad yon pwosè aksyon kolektif, youn oswa plizyè moun ka angaje yon pwosè nan non lòt moun ki gen menm revandikasyon. Moun ki te angaje ak patisipe nan pwosè sa yo se moun ki pote plent yo. Konpayi ak moun y ap rele lajistis la rele akize. Yon sèl tribunal ap rezoud kesyon yo pou tout moun ki deside patisipe nan dosye a.

3. Kisa pwosè aksyon kolektif sa a ye?

Moun ki pote plent yo di pratik konpansasyon akize yo vyole FLSA a. Moun ki pote plent yo deklare yo menm ak moun ki nan menm sitiayson an ki te travay pou akize yo antanke direktè gen dwa pou yo resevwa salè siplemantè yo pa peye, domaj ki dwe peye, frè avoka, ak depans.

Akize yo nye tout move aksyon ak/oswa responsablite epi yo kontinye di yo peye tout anplwaye yo dapre FLSA.

4. Ki objektif ak enpak avi sa a?

Avi sa a gen yon sèl objektif ki se jwenn moun sa yo ki vle patisipe nan dosye sa a.

Si w chwazi patisipe nan pwosedi sa a, epi moun ki pote plent yo rive jwenn yon antant oswa yon jijman, ou ka gen dwa pou w resevwa yon pati nan rekouvreman an. Pa gen okenn garanti y ap bay yon rekouvreman.

Ou ta dwe konnen yon revandikasyon dapre Lwa sou Nòm Travay San Patipri a dwe fèt nan dezan apre dat revandikasyon an anpile, sof si ou ka pwouye vyolasyon konpayi w t ap travay la te "volontè," nan ka sa a ou dwe prezante revandikasyon an nan espas twazan.

5. Kijan pou mwen patisipe nan pwosè aksyon kolektif sa a?

Pou w patisipe nan pwosè sa a, ou dwe ranpli fòmilè ki nan anvlòp la ki gen tit "Konsantman pou w Patisipe nan Pwosè" epi voye li nan anvlòp ki peye davans nan lapòs, bay avoka moun ki pote plent yo, Borrelli & Associates, P.L.L.C. Si anvlòp ki peye davans lan ta pèdi oswa w pa ka jwenn li, ou dwe voye fòmilè Konsantman pou w Patisipe nan Pwosè a bay:

Borrelli & Associates, P.L.L.C.
910 Franklin Avenue, Suite 200
Garden City, New York 11530
Tel: (516) 248-5550

Ou kapab tou: voye pa mwayen faks Fòmilè
Konsantman pou w Patisipe nan Pwosè a nan
(516) 248-6027; oswa skane epi voye l pa imel
namjb@employmentlawyernewyork.com

Fòmilè Konsantman pou w Patisipe nan Pwosè ki siyen an dwe depoze nan Tribunal la anvan [60 jou apati dat yo voye avi a]. Si w pa depoze fòmilè Konsantman pou Pwosè w la nan Tribunal la anvan [60 jou apati dat yo voye avi], ou ka pa jwenn pèmisyon pou w patisipe nan pwosè sa a.

6. Si mwen chwazi patisipe nan pwosè sa a, èske m ap oblige patisipe nan nenpòt pwosedi legal?

Gen plis chans, si w chwazi patisipe nan pwosè sa a, w ap oblige bay enfòmasyon epi reponn kesyon ki gen rapò ak travay ou nan konpayi akize yo. Ou ka oblige temwaye nan yon depozisyon oswa nan yon jijman, reponn kesyon alekri, ak/oswa pwodui dokiman ki gen rapò ak dosye a. Pou rezon sa a, si w patisipe nan pwosè a, ou ta dwe konpayi akize yo ou gen nan men w kounye a. Avoka moun ki pote plent yo pral ede w ak kondisyon sa yo si w chwazi pou yo reprezante w, jan yo esplike w pi ba a nan seksyon 10 ki pi ba.

Met sou sa, ou pral lye ak tout desizyon, antant oswa jijman, kit li nan avantaj ou oswa l pa nan avantaj ou. Si solisyon an nan avantaj ou, swa atravè antant oswa jijman, epi ou kalifye daprè lalwa, ou ka gen dwa a pou w resevwa yon pati nan rekouvreman an. Lè w patisipe nan pwosè sa a, ou chwazi moun ki pote plent yo, oswa avoka yo, nan tout mezi posib, pou pran desizyon nan non w konsènan dosye a, metòd ak fason pou mennen dosye a, ak tout lòt zafè ki gen rapò ak pwosè sa a. Moun ki pote plent oswa avoka yo te pran desizyon yo e ki siyen akò yo ki gen rapò ak pwosè a pral obligatwa pou ou si ou patisipe nan pwosè a.

7. Kisa k ap pase si mwen pa fè anyen ditou?

Yo p ap mete w nan pwosè sa a e okenn antant oswa jijman ki fèt nan dosye sa a, kit li favorab oswa defavorab, p ap afekte w. Men, peryòd limit sou revandikasyon ou yo ap kontinye rete anvigè.

8. Èske mwen ka patisipe nan pwosè aksyon kolektif sa a kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon m?

Wi. Ou gen dwa pou w patisipe nan pwosè sa a kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon w.

9. Si mwen patisipe ladan ln, èske sa pral gen enpak sou travay mwen an?

Non. FLSA entèdi akize yo pou yo revoke oswa, nenpòt lòt fason, pou yo pran revanj kont ou paske ou te patisipe nan dosye sa a oswa ou te jwi dwa w yo nan nenpòt lòt fason jan FLSA egzije sa a.

10. Èske mwen gen yon avoka nan dosye sa a?

Se Borrelli & Associates, P.L.L.C. ki reprezante moun ki pote plent yo. Si w chwazi patisipe nan pwosè sa a, Borrelli & Associates, P.L.L.C. pral reprezante w sou yon baz frè ki kondisyonèl, sa vle di ou p ap dwe okenn frè avoka sof si moun ki pote plent yo gen siksè epi genyen dosye a oswa jwenn yon antant, nan ka sa a Tribunal la ap gen chans pou deside kantite frè avoka yo dwe peye apati nenpòt antant oswa jijman sa yo.

Se pa Borrelli & Associates, P.L.L.C. ki se kabinè ki oblige reprezante w epi ou ka pran yon lòt avoka ou chwazi, oswa reprezante tèt ou *nan non w (pro se)* san asistans yon avoka. Si ou gen entansyon kenbe pwòp avoka w oswa pou reprezante tèt ou, ou ta dwe di sa sou fòmilè "Konsantman pou w Patisipe nan Pwose" a. Si w voye fòmilè ou an tounen men ou pa di ou gen entansyon kenbe pwòp avoka w oswa pou reprezante tèt ou, Tribunal la ap panse ou vle pou Borrelli & Associates, P.L.L.C. reprezante w.

11. Avoka akize yo.

Ou ka kontakte avoka akize yo, Vishnick McGovern Milizio LLP, nan telefòn nan (516) 437-4385, oswa alekri nan Vishnick McGovern Milizio LLP, 3000 Marcus Avenue, Suite 1E9, Lake Success, New York 11042.

12. Kontakte nou si w gen kesyon.

TANPRI, PA EKRI NI RELE TRIBINAL LA OSWA GREFYE A KONSENAN AVI SA A.

Tribinal la pa eksprime okenn opinyon sou byenfonde pwosè a epi li poko deside si revandikasyon moun ki pote plent yo oswa defans akize yo byen fonde. Si w gen nepòt kesyon, ou ka kontakte avoka moun ki pote plent yo, Borrelli & Associates, P.L.L.C., nan telefòn nan (516) 248-5550, oswa alekri nan Borrelli & Associates, P.L.L.C., 910 Franklin Avenue, Suite 200, Garden City, New. York 11530, oswa pa imel nan mjb@employmentlawyernewyork.com.

TRIBINAL DISTRI ETAZINI
DISTRI SID NEW YORK

-----X

EDGAR FERNANDEZ, nan non li,
poukont li, ak nan non tout lòt moun ki nan menm sitiyasyon an,

Moun ki pote plent,
PATISIPE NAN

KONSANTMAN POU

PWOSÈ

-kont-

PINNACLE GROUP NY LLC,
ak JOEL WIENER, poukont li,

Nimewo Dokiman: 21-civ. 10702-AT

Akize yo.

-----X

SI W RESEVWA FÒMILÈ SA A EPI OU VLE PATISIPE NAN PWOSÈ SA A, TANPRI KONPLETE DE ETAP SA YO:

1. RANPLI EPI SIYEN FÒMILÈ KONSANTMAN SA A POU W PATISIPE NAN PWOSÈ SA A; EPI
2. SÈVI AK ANVLÒP KI VIN AVÈ L LA POU RETOOUNEN FÒMILÈ SA A NANADRÈS KI PI BA A PA PI TA PASE [60 jou apati dat avi a].

Borrelli & Associates, P.L.L.C.
910 Franklin Avenue, Suite 200
Garden City, New York 11530

Ou kapab tou: voye pa mwanyen faks Fòmilè Konsantman
pou w Patisipe nan Pwosè sa a nan: (516) 248-6027; oswa
skane epi voye 1 pa imel nan:
mjb@employmentlawyernewyork.com

Mwen dakò pou m patisipe nan pwosè yo te angaje dapre Lwa sou Nòm Travay San Patipri a epi mwen chwazi pou m reprezante pa [chwazi YOUN]:

____ Borrelli & Associates, P.L.L.C.
Mwen otorize moun ki pote plent yo ak Borrelli & Associates, P.L.L.C., pou yo aji nan non mwen nan tout zafè ki gen rapò ak aksyon sa a, ki gen ladan nenpòt antant sou revandikasyon mwen yo pote dapre Lwa sou Nòm Travay San Patipri a.

____ Yon lòt avoka mwen chwazi, ki pral depoze san pèdi tan yon avi pou reprezante m.

____ Tèt mwen *nan non mwen (pro se)* san asistans yon avoka.

Si w pa chwazi okenn nan opsyon reprezantasyon ki pi wo yo men voye fòmilè w la tounen bay Borrelli & Associates, P.L.L.C., ou pral otomatikman gen avoka moun ki pote plent yo, Borrelli & Associates, P.L.L.C., k ap reprezante w. Met sou sa, si w pa chwazi yon opsyon reprezantasyon pi wo a, sa pral otorize moun ki pote plent yo Edgar Fernandez, Julio Concepcion, Franklin Lara, Igor Wilebaldo Turcios, Juan Mena, Fernando Mercado, Tony Fernandez, Juan Montoya, Zumreta Toskic, ak Borrelli & Associates, P.L.L.C. aji non w nan tout zafè ki gen rapò ak aksyon sa a, ki gen ladan nenpòt antant sou revandikasyon ou yo. Ou gen pèmisyon pou w kontinye ak lòt avoka ou chwazi oswa pou reprezante tèt ou *nan non w* san asistans yon avoka.

SIYATI

NON AK LÈT DETACHE

Adrès

Vil, Eta, Kòd Postal

Nimewo Telefòn

Adrès Imel

Dat Kòmansman Travay

Dat Fen Travay